

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Desain Panalungtikan**


Maryaeni (2005, kc. 1) nétélakeun hiji panalungtikan (*research*), dina seuhseuhanana mangrupa usaha pikeun maham fakta sacara rasional-émpiris, nu dipigawé ngaliwatan léngkah-léngkah kagiatan nu tangtu, luyu jeung prosedur nu dipilih tur ditangtukeun ku panalungtik.

Dina ieu hal, panalungtikan kualitatif leuwih mentingkeun prosés batan hasilna. Sabab dina prak-prakanana, panalungtik kualitatif kudu nilik hiji pasualan kalawan gemet sangkan hasil dina éta panalungtikan bisa leuwih maseuk kana tujuan jeung watesan panalungtikan. Numutkeun Sukamadinata (2010, kc. 94) panalungtikan nu sipatna kualitatif mibanda tujuan pikeun maham kana fénoména-fénoména sosial tina jihad (*presfektif*) partisipan.

Sakumaha anu ditétélakeun dina Bab I, tujuan ieu panalungtikan téh ngawengku genap hal, anu intina nya éta ngaguar struktur jeung ma'ma tina kecap bilangan panangtu dina basa Sunda. Pikeun ngahontal éta tujuan, dina ieu panalungtikan métode anu digunakeun nya éta métode déskriptif. Tegesna, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngungkab struktur jeung ma'na tina kecap bilangan panangtu dina basa Sunda. Métode mangrupa cara gawé pikeun mahaman jeung neuleuman objék anu jadi sasaran. Numutkeun Syamsuddin jeung Damaianti (2006:14), métode panalungtikan nya éta cara dina ngaréngsékeun masalah panalungtikan anu dilaksanakeun kalawan *terencana* jeung *cermat*, maksudna pikeun meunangkeun fakta jeung kacindekan supaya bisa maham, ngajelaskeun, ngaramalkeun, jeung ngendalikeun kaayaan.

Métode déskriptif nya éta métode pikeun ngajelaskeun data kalawan jéntré, ku cara ngajelaskeun, nganalisis, jeung ngelompokkeun. Data nu geus kapanggih, dikelompokkeun sarta dianalisis dumasar kana struktur jeung semantikna. Luyu jeung pamadegan nu ditepikeun ku Nasir (2003, kc. 35), yén métode déskriptif ngabogaan tujuan pikeun nyieun déskriptif, gambaran, lukisan sacara sistematis, paktual, luyu jeung pakta, sipat-sipat sarta hubungan antar pénoména nu

ditalungtik. Data anu geus kapanggih, diinventarisasi, saterusna dikartukeun. Ieu hal dilakukeun supaya teu ngahésékeun panalungtik. Data nu geus dikelompokkeun téh dianalisis dumasar kana struktur jeung semantik.



### 3.2 Data jeung Sumber Data

Data kecap bilangan panangtu dina basa Sunda nya éta majalah Sunda Midang Nomer 119, Séptémber-Oktober 2014 kaca 21, Peperenian Urang Sunda karya Rachmat Taufik Hidayat, Spk., penerbit Kiblat, jeung Peperenian karya Ahmad Hadi, Spk., penerbit Geger Sunten.

Sumber data nya éta sakabéh téks anu ngarojong tur anu dijadikeun sumber utama dina panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, anu dijadikeun sumber data nya éta:

#### a. Sumber Data Lisan,

Panalungtikan lisan dicokot ku cara wawancara jeung narasumber nu mangrupa masarakat di sakitaran Kab. Ciamis-Jawa Barat. Aya lima anu jadi narasumber dina ieu panalungtikan, diantaranya:

Rin Rin Anjarsari, 2015

*Kecap Bilangan Panangtu Dina Basa Sunda*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

**Tabél 3.1**  
**Sumber data lisan**

No	Wasta	Umur	Padumukan	Atikan
1.	Icih	72Thn	Dusun Karang Sari Rt007/Rw004 Ds. Bangunsari Kec. Pamarican Kab. Ciamis	Sekolah Rakyat
2.	Yoyoh Rokayah	62Thn	Dusun Mekarsari Rt15/Rw04 Ds. Cibadak Kec. Banjarsari Kab.Ciamis	Sekolah Rakyat
3.	Akmaludin	62Thn	Dusun Sambong Rt019/Rw009 Ds. Karangmulya Kec. Padaherang Kab. Ciamis	Sekolah Rakyat
4.	Ade Lasmini	46 Thn	Dusun Mekarsari Rt15/Rw04 Ds. Cibadak Kec. Banjarsari Kab.Ciamis	Sekolah Dasar
5.	Nurhayati	43 Thn	Dusun Mekarsari Rt15/Rw04 Ds. Cibadak Kec. Banjarsari Kab.Ciamis	Sekolah Menengah Pertama

b. Sumber Data Tulis,

Anu dijadikeun sumber data lisan nya éta:

- 1) Majalah Sunda Midang Nomer 119, Séptémber-Oktober 2014 kaca 21, ukuran majalah isi 24,5 cm x 17,5 cm (4 kolom), kandelna 66 kaca.
- 2) Peperenian karya Ahmad Hadi, Spk., penerbit Geger Sunten, taun terbit 2013, ukuran bukuna 14,5cm x 20,5 cm (Édisi Révisi), kandel bukuna 296 kaca.
- 3) Peperenian Urang Sunda karya Rachmat Taufik Hidayat, Spk, penerbit Kiblat, taun terbit 2005, ukuran bukuna 14,5cm x 20,5 cm, kandelna 287 kaca.

### 3.3 Ngumpulkeun Data

#### 3.3.1 Alat Pangumpul Data

Dina prakna ngumpulkeun data, instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta kartu data.

Kartu data dipaké pikeun nyalin data kecap bilangan panangtu tina sumber lisan jeung sumber tulis, eusi informasi dina kartu data nya éta: (1) ngaran sumber data; (2) kaca; (3) conto kalimah; (4) aspék analisis. Conto format kartu data:

**S**

#### Sacanggeum

Pangnyokotkeun béas sacanggeum keur parab hayam (SM119/021/21)

Wangun : Sa- + Kecap Bilangan

Distribusi : Kecap bilangan + Kecap Bilangan Panangtu === > Pre-nominal

Fungsi : Atributif

Ma'na kecap : Barang jumlah saeutik

Acuan kecap : Acuan Tutuwuhan

#### 3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

a. Téhnik Téks,

Téhnik téks dipaké mun data basa dikumpulkeun tina sumber tulis saperti koran, majalah, jeung buku. Dina panalungtikan umum sok disebut téhnik ulikan pustaka (studi pustaka, studi bibliografis) (Sudaryat, 2014, kc. 57).

b. Téhnik Wawancara,

Téhnik wawancara mangrupa téhnik maluruh jeung ngumpulkeun data, langsung ti jalma nu dianggap kompetén dina widang nu ditalungtik, ngaliwatan tanya jawab nu geus diatur ku format wawancara.

Dumasar kana téhnik di luhur, ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan sarta léngkah-léngkah ieu di handap:

Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data tinulis nya éta:


- a. Observasi jeung ngadata kana sajumlah buku-buku nu kapaluruh.
- b. Nangtukeun buku nu rék dijadikeun sumber data panalungtikan.
- c. Milih buku nu dijadikeun bahan sumber data panalungtikan.
- d. Ngaidéntifikasi data kecap bilangan panangtu dina basa Sunda.

Ari léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data lisan nya éta:


- a. Obsérvasi picaloneun narasumber.
- b. Nyadiakeun format wawancara.
- c. Mupu data ku jalan wawancara langsung.
- d. Ngaidéntifikasi data kecap bilangan panangtu dina basa Sunda.

### Bagan 3.1

#### Léngkah Panalungtikan Data Tulis



**Bagan 3.2**  
**Léngkah Panalungtikan Data Lisan**



### 3.4 Analisis Data

Dina ieu panalungtikan maké analisis struktural jeung semantik. Analisis struktural pikeun mesék hal-hal ngeunaan struktur tina éta kecap bilangan panangtu dina basa Sunda sedengkeun analisis semantik mangrupa péso nu dipaké dina mesék tina harti anu aya dina kecap bilangan panangtu dina basa Sunda. Sacara umum ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan anu ngagunakeun pamarekan kualitatif.

Numutkeun Miles jeung Huberman dina Sugiyono (2013, kc. 337), nétélakeun yén aktipitas dina analisis data kualitatif dipilampah sacara interaktif sarta lumangsung tuluy-tumuluy nepi ka tuntas.

Dina ngaanalisis kecap bilangan panangtu dina basa Sunda dilakukeun ku cara téknik analisis unsur langsung (*immediate constituent (ic) analysis*), nya éta analisis anu niténan unsur-unsur basa anu langsung ngawengku unsur langsung saluhureunana Hockett dina Sudaryat (2014, kc. 59). Jaba ti éta, dipaké ogé téhnik permutasi. Téhnik tutukeuran (pérmutasi) digunakeun dina niténan patukeran runtuyan unsur-unsur basa (Sudaryat, 2014, kc. 59).

Léngkah-léngkah dina analisis data, nya éta:

- a. Nitenan deui data nu geus dikumpulkeun.
- b. Ngaruntuykeun kecap bilangan panangtu dina basa Sunda kana alfabetis.
- c. Ngaanalisis data dumasar kana wangunna, fungsina, distribusina, jeung hartina.
- d. Ngadeskripsikeun hasil analisis kecap bilangan panangtu dina basa Sunda.
- e. Napsirkeun data jeung nyusun kacindekan.